



KOREKSYON NAN CHANJMAN RESAN NAN KONDISYON TANPORÈ PROTEKSYON KONSÈNAN AYITI

Dènne Anons nan “Federal Register” sou Kondisyon Tanporè Proteksyon « TPS » pou Ayiti te gen yon erè pou Ayisyen ak TPS ki gen aplikasyon andedan Imigrasyon « USCIS ». Tanpri wè koreksyon pi ba.

Depatman Sekirite Nasyonal « DHS » te anonse nan dat 23 Novanm 2017 deziyasyon Kondisyon Tanporè Proteksyon « TPS » pou Ayiti tap fini. “TPS” pou Ayisyen ap bout **22 Jiyè 2019**. Tanpri li sa k-ap swiv pou enfòmasyon ki gen pou wè ak pwosesis re-enskri a.

Sèvis Katolik Migrasyon mande nenpòt moun ki resevwa « TPS » pou Ayiti pou rele biwo-a ak fè randevou pou konsiltasyon legal gratis.

Ki dat ki enpòta?

- Si w se yon Ayisyen ki gen « TPS » kounye-a ak yon *Aplikasyon « TPS » nan wout* nan dat 18 Janvyè 2018, ou PA bezwen aplike ankò. Si yo apwouve « TPS » dapre aplikasyon sa, yap ba-w « TPS » jous dat final 22 Jiyè 2019 ak ou va resevwa yon Kat Otorizasyon Travay (pèmi travay) k-ap fini nan dat 22 Jiyè 2019.
- Ayisyen ki gen « TPS » kounye-a e ki te resevwa Kat Otorizasyon Travay k-ap fini 22 Janvyè 2018 va resevwa yon ekstansyon otomatik pèmi travay yo pou 180 jou (bon jis 21 Jiyè 2018), sepandan fò ou re-enskri pou kontinye gen « TPS » jouk li fini 22 Jiyè 2019.
- **Re-enskripsyon pou « TPS » pou Ayisyen ap fèt soti 18 Janvyè 2018 rive 19 Mas 2018.**
- **Si w pa re-enskri pandan tan sa, ou pap nan kondisyon legal ankò e va efektivman abandone « TPS » ou.**

Eske m bezwen aplike pou yon lòt Kat Otorizasyon Travay (pèmi travay)?

- Depatman Sekirite Nasyonal otomatikman vanse validite pèmi travay ki t-ap fini 22 Janvyè 2018 pou 180 jou jis 21 Jiyè 2018. Si w vle kenbe kondisyon e gen pèmi travay valid jis 22 Jiyè 2019, fò w aplike pou yon nouvo pèmi travay.
- Pou Ayisyen ki gen « TPS » ak aplikasyon *nan wout* ak otorizasyon travay ki fini 22 Jiyè 2017, otorizasyon travay ou va vanse otomatikman menm jan. Sepandan w-ap bezwen bay patwon-w dokiman k-ap swiv yo:
 - Kat Otorizasyon Travay ki fini nan dat 22 Jiyè 2017;
 - Resi Aplikasyon pou Kat Otorizasyon Travay nan tan dènne renouvèlman pou « TPS » Ayisyen (nan ou apre 24 Me 2017);
 - Yon kopi anons sipleman « USCIS » ki te soti 18 Janvyè 2018;
 - Anons « Federal Register » nan dat 18 Janvyè 2018.

Eske mwen gen lajan pou m peye?

- Si w gen laj 14 an ou plis, fò w peye frè biyometrik \$85 ak re-enskripsyon-w.
- Si w pa ka peye frè biyometrik la, ou gen dwa soumèt yon demand pou « waiver » frè-a.
- Ou pa bezwen peye pou renouvle « TPS » si w gen mwens ke 14 lane.
- Si w vle resevwa yon nouvo pèmi travay k-ap fini 22 Jiyè 2019 ekri sou kat la, fò w peye frè \$450 pou Kat Otorizasyon Travay.
- Fò tout fòm yo ale ansanm ak lajan yo.

Pou yo gade si w gen dwa pou lòt solisyon pou pwoblèm imigrasyon ou byen si w gen kesyon, kontakte Biwo Migrasyon Katolik « Catholic Migration Services » nan 718-236-3000.